

Ayiti sou wout siklòn yo : Sandy Oktòb 2012

Se vre sezon siklòn nan te preske pase. Men avan sa, anpil fanmi te deja nan gwo difikilte a koz sezon sèk, plis Siklòn Izarak ki te domaje oubyen detwi rekòt nan plizyè rejyon nan peyi a. San konte Sandy ki te fè lòt dega.

« Jaden mwen an yo te anba dlo lè Sandy pase a », se sa Marie-Laurette Remy eksplike. Madanm sa te konn viv avèk manje li fè nan jaden. Men kounye li oblije konte sou manje ijans Pwogram Alimante Mondyal distribiye pou la manjay. « Mwen pèdi tomat, pwa ak lòt plant sou twa tè m 'yo »

Nan yon peyi kote majorite moun kap viv nan pwovens yo se sou agrikilti yap viv ak ti moso te pou yo plante, nenpòt ki chòk klimatik kapab lage fanmi yo nan ensekirite alimante

Marie-Laurette Remy ap viv nan Marigot, yon ti komin ki chita nan Sid peyi d'Ayiti nan mitan lanmè a ak mòn yo. Dlo ak labou te anvayi moso tè yo a kay yo lè Sandy te pase tou pre zile a nan fen mwa oktòb la. Plizyè kay te anvayi ak dlo. Plantasyon ak pye bannann yo te domaje. Gen kote menm, dlo te pote yo ale net ou byen antere yo labou.

Pa bo isit, ak nan anpil lòt kominote atravè peyi a, moun ap mande ki jan yo pral satisfè bezwen yo paske kounye dlo pote ale a sa ki te sous prensipal yo nan manje ak revni yo.

« Evalyasyon otorite ayisyen yo fe nan tet kole ak PAM epi lòt patnè li yo, te fe we byen kouman asistans manje ijans lan nesese », se sa Michael Cazeau, k'ap

travay pou PAM nan Jakmèl eksplike. Se misye tou ki te responsab distribisyon manje ijans yo bay moun nan Marigot jou sa a.

Nan premye jou apre tanpèt la, PAM te pote asistans manje ijans bay 14,000 moun. Nan semenn ki vinn apre yo, ajans Nasyonzini an kontinye ede plis pase 60,000 fanmi ki pi afekte akòz tanpèt la. Asistans sa a gen ladan diri peyi ki soti nan men ti peyizan nan zòn nan epi nan rejyon Cayes.

Aprè Sandy finn pase, rivyè ki te debòde yo ak inondasyon te andomaje wout ak pon. Li te trè difisil pou yon moun rantre nan kominote ki afekte yo. Yon fwa ankò, sa montre koman li enpòtans pou genyen manje ak founiti anpile pou ijans nan zon estratejik atravè peyi a. An kolaborasyon avèk Direksyon Pwoteksyon Sivil, PAM ak lòt òganizasyon patnè te itilize manje ki nan stok li yo, pou ofri asistans byen vit.

Bezwen imanité yo ap ogmante an Ayiti. Yon evalyasyon ki fèt apre Siklòn Izarak te estime 1.5 milyon Ayisyen tonbe nan sitiyaasyon ensekirite alimante elve. Pasaj Sandy fè pi plis moun frajil. Epi, rezilta preliminè nan nouvo evalyasyon kap fet yo endike prèske 20% moun nan popilasyon an kounye a nan gwo difikilte pou yo byen nourri fanmi yo.

« Manje mwen resevwa jodi a ap ede'm nan kenbe pou semèn kap vini la yo. Mwen rekonet sa », se sa Tericia Jeudi di rakonte apre li fin resevwa la manjay pa li nan men PAM. Manje ijans sa gen ladan'l diri, pwa, lwil doliv ak sèl.

Li montre kay li dlo pat gentan pote ale. « Dlo a te monte rive nan nivo pòt la, men li pa't antre nan kay la ». Tericia ta'p eksplike pandan la'p montre kote dlo a te rive. Men, li te ajoute, senk ti moso tè agrikòl li yo te viktim inondasyon. Siklon Isarak te lage pye bannann li yo a te. Sou lòt ti moso te li yo, pwadchous li yo, piman ak lòt plant yo te andomaje.

Madan Jeudi di konsa : « Sa mwen ta swete pou lavni, se pou yo ta bann nou pito èd pou'm ka wouze moso te mwen yo epi rive ogmante pwodiksyon mwen yo». Anpil lot moun ki te rasanble nan sant kominotè a vilaj la pou distribisyon ijans yo, pataje menm dezi sa. Rive pwoteje ti moso tè yo nan bati bon jan enfrastrikti ki ka pemet yo jere dlo lapli ta ka ede yon anpil. Se sa yo tout kwe. Yo tout swete pou ta gen enfrastrikti ki kreye gras ak pwoje kominote ki ka kreye travay pou yon ti tan.

PAM ap mobilize resous pou kapab finanse kalte pwojè sa yo ka'p genyen doub gen benefis. Y'ap pemet plis moun kin an sitiyasyon difisil jwenn manje ak travay, men tou ap tou genyen kek enfrastrikti dirab pou ede ti kiltivatè yo nan ogmante pwodiksyon yo.